**Өзбекстан республикасы жоқары ҳәм орта**
**арнаўлы билим бериў министрлиги**

**Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Қарақалпақ филологиясы факультети**
Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы

5220100-филология ҳәм тиллерди оқытыў (қарақалпақ филологиясы)
бакалавр бағдарының 4-курс студенти **Дәўлетбаева Гөззалдың**
**«Х.Турымбетов дөретиўшилигинде лирикалық сюжет»**
темасында

# КУРС ЖУМЫСЫ

Қорғаўға рухсат берилди:
Қабыллаған: ф.и.к. А.Досымбетова
Әдебият теориясы ҳәм ф.и.к. А.Досымбетова
оқытыў методикасы кафедрасы баслығы _________
__________
«___» _______2011-жыл

Нөкис-2010

Х.Турымбетов дөретиўшилигинде лирикалық сюжет

**ЖОБАСЫ**

**Кирисиў**

**I. бөлим** Х.Турымбетовтың сюжетли қосыларының идеялық өзгешеликлери

2.бөлим Шайыр сюжетли қосықларының көркемлик өзгешеликлери

**Жуўмақ**

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими**

# Кирисиў

Көркем әдебияттың барлық жанрлары ишинде лирика өзиниң нәзиклиги, көркемлиги, сезимталлығы, өткирлиги менен айрықшаланып келмекте. Әсиресе поэзиясы күшли раўажланған бизиң қарақалпақ халқының руўхый дүньясында, мәдениятында лириканың тутатуғын орны жоқары екенлиги сөзсиз. Лириканың және бир өзгешелиги ол әдебияттың басқа жанрларына қарағанда да жәмийеттиң руўхын өзине көбирек сиңирип оны айқынрақ сәўлелендиреди. Усы көз қарастан баҳалағанда қарақалпақ лирикасы өзине тән раўажланыў өзгешеликлерине ийе болады.

ХХ әсирдиң 50-жылларынан баслап қарақалпақ әдебияты, соның ишинде , поэзияда инсанның ишки әлемин барынша сәўлелендириў, қосыққа, сөзге жаңаша көркем қатнас жүзеге келеди. ХХ әсир қарақалпақ поэзиясының кәрўанласлары И.Юсупов, Т.Сейтжанов, Х.Турымбетов, Т.Мәтмуратов, Б.Қайыпназаровлар булл тенденцияның ҳақыйқый жүзеге шығарыўшылары болды. Шайырымыз усы дәўирге шекем поэзияда орын алып келген жөнекей байланыўшылық дәбдебепазлық, партия сиясатын жөнли-жөнсиз мақтаўшылық иллетлеринен бас тартып әдебияттың баслы мақсети болған инсанды үйрениўге жаңаша поэтикалық мазмун ҳәм көркем формалары арқалы жантасты. Лирикада усындай түпкиликли бурылыслар жасаған шайырлар дөретиўшилиги бойынша қарақалпақ әдебияттаныў илиминде өзли-көпли илимий изертлеўлер алып барылып, олардың көркемлилик изленислериниң қарақалпақ әдебиятында әҳмийетли мәселеси белгили дәрежеде үйренилди. Солай болса да , поэзияда өмирди сүўретлеўде раўажланыў метофозитциясын көркем мазмун менен бирлестирип сәўлелендириў шеберлигин толық меңгерген шайыр Х.Турымбетов дөретиўшилигиниң өзине тән өзгешеликлери, ондағы көркем мазмун ҳәм көркем форма поэтикасы әдебиятшыларымыз тәрепинен елеге шекем әдил баҳаланғанлығы сыр емес. Шайыр Хожамурат Турымбетов 1922-жылы туўылып, 1968-жылы тосаттан қайтыс болды. Ол екинши жер жүзлик урыс қатнасыўшысы, болып, урыс ҳақыйқатлығын өз көзи менен көрди. 1956-жылы шайырдың Москвада М.Горький атындағы әдебият институтын тамамлаўы, оның дөретиўшилик өмиринде айрықша әҳмийетке ийе болды. Булл туўралы рус шайыры Евгений Долматовский: «Әдебият институты Х.Турымбетовқа көп нәрселерди берди. Ол қосықты тек ғана уйқастырыўға еби бар адамнан ҳақыйқат шайырлық дәрежесине көтерлиди», - деп жазған еди.

Х.Турымбетов өзиниң қысқа өмири даўамында «Гүлистан», «Еки дос», «Талўас», «Шайыр жолы», «Және бәҳәр келди» атлы бир неше қосықлар топламын жәриялады.

Шайырдың «Көп күткен бәҳәр» атлы қосықлар топламы Москвада рус тилинде «Ақгүл» атлы топламы, Ташкенте өзбек тилинде айрым китап болып басылып шықты. 1874-жылы Таңламалы қосықлар топламы «Қарақалпақстан» жәрияланды. Х.Турымбетов дөретиўшилиги бойынша қарақалпақ әдебиятында С.Ахметовтың шайыр лирикасының көркем формасы ҳаққында қысқаша шолыў формасындағы пикирлери: К.Худайбергеновтың шайырдың лирикалық қаҳарман дөретиўдеги шеберликлерин сөз ететуғын[1] , Г.Мәмбетниязовтың[2] шайырдың айырым қосықлары туўралы қысқаша көринистеги пикирлерин ғана ушыратамыз.

Х.Турымбетов дөретиўшилиги бойынша арнаўлы түрде үйренилген мийнетлер жоқ.

Х.Турымбетов қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына белгили дәрежеде үлес қосқан еди. Ол рус поэзиясында кеңирек раўажланған сюжетли қосықлар дөретиў дәстүрин әдебиятымызға алып кирди. Биз курс жумысымызда, тийкарынан, Х.Турымбетов дөретиўшилигинде сюжетли лириканы үйрениўди мақсет етип қойдық. Себеби, шайыр поэзиясы өзи жасап, дөретиўшилик еткен дәўир қарақалпақ әдебияты ушын үлкен жаңалық еди. Бул жағдай қарақалпақ поэзиясының раўажланыў бағдарын үйрениўде характерли есапланады. Жумысымызда төмендеги мәселелерди ашып бериўди ўазыйпа етип қойдық:

- Х.Турымбетов сюжетли қосықларының идеялық өзгешелигин үйрениў.
- Шайыр сюжетлли қосықларынан көркемлилик өзгешеликлерин ашып бериў.

Ҳәр бир көркем шайырдың сол ўақытта қандай идеялар менен бәнт екенлигин, турмыста нелерди тастыйықлап,нелерди бийкарлайтуғынын дәлийлеп дүньяға келеди. Соның менен бирге, ҳәр бир шығарманың усындай руўхы менен шайырдың барлық дөретиўшилик искерлиги арасында улыўмалық бар екенлигин сезиўге болады. Шайыр өз шығармасын қызғынсыз, парықсыз жазыўы мүмкин емес. Ҳәр бир шығармасына қызғын бериўши эмотция болса, шайырдың барлық дөретиўшилигин ҳәм руўхый турмысын толтырып турған утылыўдың, пидайылықтың, күшли сезиминиң ушқынлары болады. Х.Турымбетов лирикасында да лирикалық қаҳарманның белгили моменттеги руўхый кеширмелерин сәўлелендириўге турмыслық ўақыя ҳәдийселерди шеберлик пенен сүўретлей алады.

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы Нөкис «Қарақалпақстан» 1988.
[2] Худайбергенов К. «Дәўир ҳәм парыз» Нөкис «Қарақалпақстан» 1987.

Шынын айтып өтиўимиз керек, поэзиядағы шайыр шеберлиги мәселеси үлкен әҳмийетли темалардың бири есапланды. Бул мәселе күтә кең проблема болғанлықтан, оған ҳәр изертлеўши ҳәр қыйлы илимий қатнас жасап жүргенлиги белгили. Шеберлик мәселесин изертлеўде белгили биз айрымланған шегара жоқ. Сонлықтан биз Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасында шеберлик мәселесин үйрениўге ҳәрекет етемиз.

Курс жумысымыз кирисиў, жуўмақ ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен тысқары тийкарынан еки бөлимнен ибарат. Оның «Х.Турымбетов сюжетли қосықларының идеялық-к өзгешелиги» деп аталған биринши бөлиминде шайыр қосықлары идеялық –тематикалық көзқарастан үйренилиеди. Екинши бөлимде, тийкарынан шайырдың лирикалық сюжетти жүзеге келтириу̌ шеберлиги, бундағы көркемлеу̌ қураллары ҳәм усылларының хызмети анализленеди.

Әдебияттаныў илиминдеги лирикалық сюжет мәселеси бойынша теориялық көз-қарасларды, сондай-ақ, Х.Турымбетов дөретиўшилиги бойынша билдирилген илимий пикирлерди биз жумыс жазыў процессинде тиккелей басшылыққа алдық. Илимий шешим ҳәм жуўмақлар жасаўда, тийкарынан И.Ж.Тимофиев, Т.Бобоев, К.Мәмбетов, С.Ахметов, К.Худайбергенов, Т.Мәмбетниязов, Қ.Оразымбетов ҳәм тағы басқа илимпазлардың илимий мийнетлерине тийкарландық.

## 1. Шайыр сюжетли қосықларының идеялық өзгешелиги.

Ҳәр қандай көркем қубылыс өз дәўириндеги тарийхый ҳәм әдебий шәраяттан бөлинип қалмайды. Оның талабына, характерине байланыслы ҳалда өмир сүреди. Х.Турымбетов поэзиясына тән болған қурғақ селилик, дәбдебепаразлықтан конкрет шараяттағы инсан руўхый дүньясынн сүўретлеўге бет бурыўшылық қубылысы да белгили дәрежеде әдебий процесс ҳәм тарийхый шараяттан келип шығып жүзеге келеди. Әдебият майданында  ХХ әсирдиң 50-60-жылларында жаңа бағдардағы тенденция жүзеге келеди. Жазыўшы, шайырлар көркемлигин жоғалтып, тек сиясий идеология қуралына айланып баратырған әдебиятқа «Жан бериўге», реалистлик сүўретлеў имканиятларын толық жүзеге асырыўға умтылады. Әдебиятшы С.Ахметов бул дәўирдеги қарақалпақ поэзиясы туўралы «Қарақалпақ поэзиясы өткен он жыллыққа қарағанда әдеўир дәрежеде орын алған декларативликтен қутыла баслады. Поэзияның ең жақсы дөретпелери ўақыттың темпин бериўге актив киристи, поэтикалық жақтан тың жаңа пикирлери турмыстың ҳәр түрли тараўында үлги аларлық образлар дөретиў адамлардың қыялы менен  сезим дүньясын сүўретлеўдеги конкретлик оның баслы белгиси болып отыр»[1] - деп шайырлардың өз шығармаларында инсан руўхый кеширмелерин шөлкемлестириўге жүз бурғанлығын айрықша қубылыс сыпатында атап өтеди. Усы дәўир поэзиясының белгили ўәкили Х.Турымбетов лирикасы атлы сезимлерге түртки болған ўақыя, ҳәдийселерди сүўретлеў менен өзгешеленеди. Шайыр лирикасы муҳаббат, туўылған жерге, Ўатанға, тәбиятқа сүйиўшилик сезимлерине толы болып, бурынғы аўқам дәўириндеги көпшилик шайырлар дөретиўшилигинде  орын алған деклоратив сүўретлеў, коммунистлик партия сиясатын жырлаў сыяқлы сыпатлардан жырақ екенлиги менен айрықшаланып турады. Әдетте, лирикада шайырдың мәлим бир ўақытлардағы күшли тәсирлениў нәтийжесинде пайда болған сезим туйғылары сәўлеленеди. Лирикада мазмун шайырдың кеширмелери тийкарында өзине тән формалары арқалы бериледи.

Х.Турымбетов поэзиясына тән стиллик өзиншеликлерден бири ол сезим-туйғыларға түртки болған ўақыя ҳәдийселерди сүўретлеў, ўақыялардың раўажланыў барысын қысқа моментлерге қурыў тийкарында лирикалық сюжетти жүзеге келтирип отырады. Бул қубылыс, яғный  сюжетли қосық дәстүри 1960-жыллардағы поэзиямызда Х.Турымбетов дөретиўшилиги арқалы жүзеге келип, бир қатар шайырлар дөретиўшилигинде  орын алғанлығы поэзиямыз тарийхынан белгили. Сюжетли

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988-ж. 239-бет.

лирикада ой-сезимлерге (лиризмге) салыстырғанда ўақыя-ҳәдийселерди баянлаўшылық басым келеди.

Турмыс ҳақыйқатлығын көркем сәўлелендириўге жазыўшы шайырлар түрли усыллардан пайдаланады. Сюжет мине усындай турмыс шынлығын көркем сүўретлеў әмеллеринен бири болып есапланады.

«Сюжет (француз тилинен – предмет, мазмун) көркем шығармада сүўретлен деп ҳәрекеттиң мазмунын сәўлелендириўши турмыслық ўақыялар жыйнағы, кең мәниде конкрет ўақыялар дизиминде пайда болған пикир туйғылар ағысы».[1]

Ҳәр қандай көркем шығарманың соның ишинде лирикалық қосықтың сюжети өзине тән есапланады. Лирикалық сюжет, лирикалық қаҳарманның күшейттирилген кескинлестирилген ҳалатын сәўлелендиреди. Лирикалық қосықта белгили поэтикалық пикир ҳәм туйғылар ағым лирикалық көринис сәўлеленеди, усы лирикалық кеширмелер қосықтың өзине тән сюжетин пайда етеди. Х.Турымбетов дөретиўшилигинде сондай қосықлар да бар, оларда пикир-туйғылар ағымы көзге айқын тасланып турады, оларда ўақыя-шараят жаратылады, лирикалық қаҳарманнан тысқары персонажларда қатнасады. Бундай қосықлар әдебият таныў илиминде «Ўақыялы қосықлар» яки «Сюжетли қосықлар» деп те аталады. Лирикада сюжет, лирикалық қаҳарманның сезим-туйғыларына түртки болған ўақыя-ҳәдийселер тийкарында жүзеге келеди. Х.Турымбетовтың сюжетли қосықларын мазмунлық тәрепинен үйрениў барысында онда лириканың тийкарғы типлерине интим публицистикалық ҳәм пейзаж лирикасына тән әжайып шығармаларын дөретиўшилигин бақлаймыз. Шайырдың лирик қаҳарманы әтираптағы жәмийетлик ҳәм тәбийий қубылысларға бийпарық қарамайды, оған өзинше қатнас жасайды. Бизди қоршаған шынлықтағы ҳәр қандай қубылыслар, ҳәдийселер шайыр сезимлерине тәсир жасайды ҳәм усы тийкарда лирикалық мазмунға айландырады. Х.Турымбетов әсиресе интилелик лирика тараўында көплеген сюжетли қосықлар дөретти. Оның интим лирикасында «Шырпы» қосығы айрықша әҳмийетке ийе есапланады. Қосықта лирикалық қаҳарманның сюжетлилик сезимлери ҳәм оған тийкар болған ҳәдийселер шебер сәўлеленген. Бул қосық туўралы әдебиятшы С.Ахметов былай жазған еди. «Шырпы» қосығында өзинше бир жыллылық бар. Жүректи байланыстырыўшы бир бәне бар»[2].

---

[1] Бабоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент «Ўзбекистон» 2002 108-бет
[2] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988-ж. 279-бет.

Жумыс ислеп атырған шайыр тиллеси келеди, бирақ оның шырпысының тек қутысы ғана қалыпты. Дүкан узақ, ол қоңсылардан сораўға мәжбүр болады.

Сыртқы үйден уялшақлаў сары қыз,
Танымады таңланды да қарады,
Сездим: көзлеринде барғой-деп жулдыз.
-Изледиңиз кимди? – деди сорады.
- Маған, - дедим күтә ғана жай сөзлеп.
Шырпы керек еди, егер болса бер?[1]

Шайырдың бул қосығында лирикалық сюжетти жаратыў арқалы муҳаббат туйғысын тартымлы сүўретлейди. Ҳадал сезим, опалы яр муҳаббатың тилсимли излери, лирикалық қаҳарманның кеширмелери конкретлик пенен «Шырпы» деталы ҳәм жигит пенен қыздың ушырасыў ўақыясы әтирапына жәмленип берилген. Шайыр турмыслық ҳәдийсени жигит пенен қыздың тосаттан ушырасыўы ҳәм олар арасындағы сезимди қосыққа жыйнақластырып ықшамлап бериў ушын диалог усылынан утымлы пайдаланады.

Шайыр қосықтың соңында мынадай жуўмақ жасайды.

Енди мен бул үйге болса да шырпым,
Келгиш болдым, кетип өзимнен ерик.
Неге ондай мынаў қыздан ҳәр бир күн,
Сорап турдым.
Туршы шырпыңды безеп?! [2]

Қосықта лирикалық сюжет арқалы үлкен адамгершилик таза муҳаббат, нәзик сезимлер жырланады. Қосықта лирикалық сюжетти ықшам жайластырыў ушын лирикалық қаҳарман ҳәм лирикалық персонаж образының ис-ҳәрекетлери, олардың өз-ара сөйлесиўлери ҳәм детальдан утымлы пайдаланған. Х.Турымбетов муҳаббат темасына бағышланған «Биринши муҳаббат», «Гүл тутқан» қыз», «Хатқа жуўап», «Аўа яки яқ», «Түсинерсең өзиң-ақ» ҳәм тағы басқа да сюжетли қосықларын дөретти. Бул қосықларда шайыр лирикалық қаҳарманның сүйиўшилик сезимлерин, ўақыя-

---

[1] Турымбетов Х. «Шайыр жолы» Нөкис. 1959-ж. 35-бет.
[2] Сонда. 35-бет

ҳәдийселерди сүўретлеў, сыртқы дүнья қубылысларын таңлап алыў тийкарында лирикалық сюжетти жүзеге келтиреди. «Гүл тутқан» қыз» қосығында сюжет элементлери яғный қыздың қыймыл-қозғалысы ҳәрекетлерин сүўретлеў арқалы лирикалық мазмун жаратады. «Хатқа жууап», «Бир қыз жасайды», «Аўа яки яқ» қосықларында ўақыя-ҳәдийселерди көркем детал әтирапына жәмлеп, жыйнақластырып бериў арқалы лирикалық сюжетти жүзеге келтиреди. Шайырдың интим лирикадағы сюжетли қосықларынан барлығына тән сыпат, олар өзиниң әпиўайылылығы, тәбиййилиги жүрекке жыллы тийетуғын, жағымлылығы менен өзгешеленип турады. Шайыр сюжетли интим қосықларында турмыслық ҳәдийселер, көринислер, сүўретлеў арқалы: «Мен сени сүйемен, күйдим-сүйдим» сыяқлы қурғақ шаўқымлы қышқырықтан гөре көп пайда келтиреди. Оның усындай қосықларында тап өмирдегидей қуўаныш пенен сағыныш сезимлери бири-бири менен қарысып тәбиййй түрде исенимли сүўретленеди. Бундай қосықлардың қәдир-қымбаты артық болып, турмыс тусындағы әҳмийетли жоқарылап бара береди. Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасын үйренип қарағанымызда, онда туўылған жер, Ўатанға сүйиўшилик идеясын сәўлелендириўши қосықлары да айрықша орын ийелейди. Шайырдың «Аўылыма келгенде», «Тырналар ушпақта», «Бир гүл көрдим», «Болкомда», «Балалығым өтти урыс ўақтында», «Соқпақ», «Жүрек» ҳәм басқа да қосықларында туўылған жер, ўатан ҳаққында мақтаныш сезимлерин жырлайды. Шайыр ўатан ҳаққында жырлайды екен шын жүректен жоқары адамгершиликли түсиниксиз сезим менен сүйе билиў туўралы толғайды. Х.Турымбетовтың 19955-жылы жазылған «Соқпақ» деп аталған сюжетли қосығы дыққатқа ылайықлы. Қосықта кишкен бир соқпақты лирикалық қаҳарманның өмир жолы менен ҳәм туўылған жерге сүйиўшилик сезимлери менен байланыстырып сүўретлейди.

Кишкене бир аяқ соқпақ бар,
Бизиң үйден шыққан басланып,
Қыялымда бийлеп-ақ алып,
Сол бир соқпақ бәрҳамы тартар.
Усы соқпақ үлкейип кем-кем
Қосылады узын кең жолға,
«Әлиппемди» көтерип қолға,

Мектепкеде соннан бардым мен.[1]

Шайыр лирикалық қаҳарманның өмир жолына тийисли ҳәдийселерди, оның мектепке барғанлығын, урысқа атланғанлығын, оқыўға жол алғанлығын улыўма өмирдеги умтылысларын соқпаққа байланыстырып береди ҳәм усы тийкарында лирикалық сюжетти раўажландырады. Сюжетлик элементлер жәрдеминде шайыр кишкене соқпақты үлкен өмир гүзарына ушластырып береди. Бундай лирикалық қаҳарманның өмирине тән процесслерди эволюциялық жол менен басқышпа-басқыш раўажландырып лирикалық шараятты жүзеге келтиреди. Қосықта турмыслық көринислерди жаңландырып сүўретлеп, оны өзиниң өмир жолына, тәғдирине байланыстырып береди.

Х.Турымбетов ўатанға сүйиўшилик темасындағы жазылған қосықларының ишинде оның «Бир гүл көрдим» қосығында пикирди бериўге болған изленислерин бақлаўға болады. Қосықты оқығанымызда бизиң көз алдымызда бир гөззал көринис қулпырған бир гүлдиң сулыўлығы елесленеди. Шайыр бул гүлдиң көринисин жанландырып тартымлы етип сүўретлейди ҳәм усы «Гүл» образы пүтин бир лирикалық сюжетти пайда етеди. Сол «гүл» образының бир пүтин символикалық көриниске айланыўы қосықтың табысын белгилейди.

Атын билмесемде әжайып гүлдиң,
Оған аўды, дослар, ақылым, аңым,
Бирақ ақырында мен соны билдим,
Усы гүлге уқсас Өзбекстаным![2]

Лирикалық жуўмақлаўшы пикирдиң әҳмийети шайырдың усы қосығында өзиниң айқын көринисин тапқан. Әсиресе, пикирдиң поэтикалық раўажланыўы идеяның көркемлигин тәмийинлеген. Қосықта гүлдиң гөззал көриниси сүўретлене келе, оның финолинда бирден бурылыс жасалады – гүл образы мысалында туўылған жердиң келбети сүўретленеди.

Х.Турымбетовтың «Жүрек» қосығында болса урыс майданындағы жаўынгердиң қаҳарманлығы сүўретленеди. Бирақ шайыр жаўынгердиң ой-сезимлерин туўрыдан-туўры берместен оның әтирапында лирикалық сюжетти раўажландырады. Бунда бир жаўынгердиң қолдан, аяқтан ажыралғанын сүўретлей келе оның жүрегинде ўатанға

[1] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1974-ж 59-бет.
[2] Сонда 76-бет.

деген сүйиспеншиликтиң өшпегенлиги сөз етиледи. Лирика сезимлерди, руўхый халатларды беретуғын шығарма болғанлықтан ол қосыққа, ықшам болыўы керек, себеби ол бир моменттеги сезимлерди береди. Лирикада эпикалық формадағы сюжет болмайды. Бул туўралы теориялық мийнетлерде төмендегише пикирлеўди ушыратамыз:

«Лирикада ушырасатуғын киши гирм сюжетлер тек сезимлерге түртки бериў ушын, оларды тысқа[1] шығарыў ушын пайдаланылады». Биз Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасын үйрениў барысында онда лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелери, оның ис-ҳәрекетлери, қыймыл-қозғалыслары басқалар менен қарым-қатнасы ҳәм диалоглары тийкарында бериў өзиншелигин аңлаймыз. Шайырдың сюжетли лирикалық шығармаларында тәбият қубылысларын жанландырып сүўретлеў арқалы сюжет элементлери қатнастырады. Мәселен, шайырдың «Сеннен алған екен» қосығында гөззал тәбият көринислери кең бири Әмиўдәрьяның келбети сүўретленеди. Тәбият көриниси туўралы жазылған шығармалары аз емес, бирақ шайырдың шығармаларында ой тереңлиги күшли.

Шайыр сүўретлеп атырған темасын шын жүректен берилип жырлайды. Әмиўдәрья көринисинен өмир тиришилигин сезеди. Өзиниң усындай поэтикалық ойларын дәрья ағысы ҳәрекети, ондағы тасқынлы қубылыслар арқалы сәўлеленеди.

Еринбейсең ҳеш жоқ тынышлық,
Ҳарламайсаң мақтанып бирақ,
Ойландырды мынаў қылығың,
Сонлықтан да көп турдым қарап.

Тақ емессең-емессең-
Солай жуўмақ шығарды сезим,
Аңлап турсам мийнеткеш халқым,
Сеннен алған екен минезин.[2]

Мине шайыр қосықта Әмиўдәрьяның көринисин поэтикалық бояўлар арқалы көркем көриниске айландырады. Қосықтың жуўмағында шайыр поэтикалық шешим

[1] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ, Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим» 1994-ж. 114-бет.
[2] Турымбетов Х. «Шайыр жолы» Нөкис. «Қарақалпақстан» 1959-ж. 87-бет.

қабыллайды. Дәслепки қатарларда әҳмийетли пикирди раўажландырып келип соңғы қатарында жаңаша пикир билдириў ой жуўмағын жасаў есабынан қосықтың қунлығы арттырылған нәтийжеде халықтың дәрьядан алғанлығы күтә тәбийи болып көринеди.

Биз Х.Турымбетовтың сюжетли қосықларын идеялық мазмуны таманынан қарастырып өттик. Шайырдың сюжетли лирикасын үйрениў барысында оның идеялық-тематикалық жақтан шекленбегенлигин бақладық.

Инсан қәлбинен гөззал туйғылары болған сүйген ярға муҳаббат, ўатанға муҳаббат, туўылған жерди сүйиўшилик дослық урыс қаҳарманлығы, тәбият көринислери ҳәм тағы басқа инсаныйлық пазыйлетлер ҳәм жәмийетлик қубылыслар шайырдың сюжетли лириканың идеялық мазмунында қамтылған.

Х.Турымбетов ўақыял қосықларының сюжетли лирикалық шараят ҳәм лирикалық қаҳарманның руўхый кеширмелерине тийкар болған турмыслық ўақыялар қурайды.

Шайыр қосықларында лирикалық сюжет қаҳарман менен жәмийетлик орталық, яки улыўма адамлар арасындағы қарым-қатнаслар тийкарында жүзеге келеди.

## 2. Шайырдың сюжетли қосықларының көркемлик өзгешеликлери

Қосық ҳаққында поэтикалық процесстиң өзине тән белгилери жөнинде өмир ҳақыйқатлығын сәўлелендириўши көркем сөз өнери есапланған лирикамыздың раўажланыўы барысында шайыр Хожамурат Турымбетовтың поэтикалық изленислери де дыққатқа ылайықлы: Әдебиятшы Жамал, Камал өзиниң лерика туўралы изертлеўлериниң биринде былай деп жазған еди. «Лирика керекли имканият ҳәм қуралларға ийе, олардың барлығын ол ҳәрекетлер жаратыўға жөнелттиреди».[1]

[1] Жамал Камал. «Лирик шеръят»Тошкент «ФАН» 1986 й. 35-бет.

Лириканың бундай имканият ҳәм қураллары нан пайдаланыўында Х.Турымбетовта өзине тән изленислерине, дөретиўшилик өзиншеликлерине ийе болады.

Бир қанша әдебиятшы илимпазлар, шайыр Х.Турымбетов дөретиўшилигин үйренип, оған «Лирик шайыры» деп дурыс баҳа бериўи менен бирге, оның қосықларындағы көркем сөзди орны-орнында пайдалана алмаўшылық пикирлериндеги қайталаныўшылық сыяқлы кемшиликлерине көбирек дыққат қаратады.[1]

Бизиң көз-қарасымыз бойынша илимпазларымыз шайыр поэзиясының көркемлик қунлығына, оның қайсы тәрепи менен әҳмийетли екенлигине жетерли дыққат аўдармай киятырған сыяқлы. Әсиресе шайыр поэзиясының ең әҳмийетли тәреплеринен бири шайырдың көркем форма ҳәм стиллик көркемлилик изленислери дыққаттан шетте қалып киятыр. Ой-пикир стилиниң раўажланыўының индивидуал-социаллық психологиялық әҳмийет ҳәр бир шайыр көркем изленислеринде толық түрде индивидуалласады. Ой-пикирде көркемлеп жеткизиўде Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасында жанлы эстетикалық объект пенен тығыз байланысып социаллық көркем ой ҳәм сөздиң мәнилик майданының, ҳәрекет системасын көркемлеў қураллары ҳәм усылларының биргеликте үйлесимлик дәрежесин тәмийинлегенин бақлаймыз. Мысалы:

**Шадлысаң!**

Сенде жоқ қайғы деген ҳеш,
Күлкиң жанға ләззет, гәпиң орынлы,
Минекей бизлерди қушақлады кеш,
Қолыма туттырып сениң қолыңды.[2]

Қосықта еки жастың ушырасыўы пайытын, ондағы тәбият көринисин сүўретлеў арқалы лирикалық сюжетти жүзеге келтиреди. Лирикалық қаҳарман қәлбинде өзи асығып күткен, аңсаған адамына жетискендеги ең нәзик, таза, пәк сезимлерди шайыр биринши ҳәм екинши қатарлардағы градоциялық усыл жәрдеминде, үшинши қатардағы метофоралық сүўретлеў ҳәм интоноциялық текстлерди шебер жайластыра алыў арқалы тартымлы жеткерип берген. Автор бир қосықта көркемлеў қураллары ҳәм көркем фигураларды қатар қолланыўы арқалы лирикалық қаҳарман ҳәм лирикалық персонажлардың бир моменттеги физикалық ҳәм руўхый ҳалатын лирикалық қысқа

[1] Худайбергенов К. «Дәўир ҳәм парыз» Нөкис. «Қарақалпақстан» 1987.
[2] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1974-ж. 133-бет.

сюжетке ықшам жайластыра алған. Х.Турымбетовқа тән көркемлик излениўшилик оның қосықларында сыртқы форма, форма ҳәм мазмунға хызмет етиўши поэтикалық элементлерди қоллана алыўында болды. Ол өз лирикасында сезимлерин эпосларға бағындырып қалмастан көркем шығармалар ҳәм сөз мәнисин поэтикалық аўыстырыў арқалы бериў ҳәм поэтикалық синтаксистен өнимли пайдаланыў арқалы мазмунды жеткерип бериўге бағдарланады. Шайырдың көркемлик изленислери оның сюжетли қосықларының да баслы тәбисин белгилейди.

Мине, солай гүз айының кешинде,
Жуўдырласқан ҳәйкел-түйме үстинде,
Киятырман қыз-жигитке қосылып,
Көрмесем де шайыр ағам есимде.[1]

«Дәслепки ушырасыў» сюжетли қосығынан алынған бул қатарларда шайыр қарақалпақ халқының миллий өзгешелигин детал сыпатында алып, Абаз шайыр менен дәслепки ушырасыўға деген қумарлық ой сезимлерин береди. Шайыр лирикалық қаҳарманның балалық пәк, сада туйғыларын метонимияның жәрдеминде береди. «Жуўдырласқан ҳәйкел түйме исшинде» - ҳаял-қызлардың метонимиясы сыпатында пикирдиң көркемлигин тәмийинлеўге қатнастырылған. Қосықта кишкен бир турмыслық детал арқалы социаллық шынлық, өмир ҳәм ол ҳаққында ең улыўмаластырылған поэтикалық жуўмақлар шығарыў, ўақыялар көринисин бир қәлипке келтирип шөлкемлестириўге ерисилген.

Х.Турымбетов лирикалық сюжет жаратыўдағы және бир шеберлиги оның тәбият қубылысларын инсан руўхый кеширмелери менен қатар сүўретлеўлеринде көринеди.

Тоқта самал, тоқта жансыз ҳүўлела,
Түсинбей турыппан айтқан сөзиңе,
Үилдейсең көшелерди толтырып,
Шаң тозаңлар уйтқып алдында шабар,
Буншама не тынбай айланды үрип,
Я берип турсаңба бәҳәрден хабар.[2]

---

[1] Сонда, 101-бет.
[2] Сонда 162-бет.

Шайырдың «Және бәҳәр келди» қосығында лирикалық қаҳарманнан ишки дәрти, сағынышы, өз кеўлине сыймай атырған туйғылары, толғаныслары «самалға», образлы теңелиў арқалыф ашып берилди. Автор инсаный сезимлер ҳәм тәбият көринислерине өз денесинен бир бөлегиндей яки алдында көрип турған қәдирдан сырласы сыяқлы мүрәжет етеди, прозопопеяның (жаңландырыўдың) әжайып үлгисин қолланады.

Х.Турымбетов поэзиясында ой-пикирди сораў-жууап ҳәм диалог формасына риторикалық сораў ҳәм қаратпаларға қурып бериў, сондай-ақ, қайталаўлар арқалы көркем түрде сүўретлеў қубылысы жийе көзге тасланады. Лирикалық қайталаўдың поэтикалық ўазыйпасы туўралы әдебиятшы теоротик И.Тимофеевтен төмендеги пикирлери дыққатқа ылайықлы:

«Шайыр тилин индеведуалластырыў, типиклестириўге хызмет қылатуғын поэтикалық синтаксис элементлериниң ишинде көркем қайталаўлар айрықша хызмет атқарады».[1]

Х.Турымбетовтың көпшилик қосықларында лирикалық сюжетти тартымлы жүзеге келтириўге қайталаўдан шебер пайдаланады.

Ташкентте көшелер еле жап-жасыл,
Ташкентте ашылған таза гуллор бар,
Ташкентте гүлистан барлық төрт пасыл,
Ташкентте гүз емес, Ташкентте бәҳәр!.[2]

Еле көргенимнен, көрмегеним көп,
Еле тергенимнен, термегеним көп,
Еле бергенимнен, бермегеним көп,
Мақтай берме мениң қосықларымды.[3]

Қосық қатарларындағы анафоралар арқалы биринши мысалда лирикалыққа ҳорманды талғытқан шәҳәри ҳаққында сезимлерди толығырақ аңлатыў ушын, екинши мысалда лирикалық қаҳарманның арзыў-нийетлерин шөлкемлестириў ушын редиф болса, уйқаслардың кейнинде келип мазмунды шөлкемлестириў ҳәм қосықтың тәсирли оқылыўын этетикалық тәсиршеңлигин арттырыў ушын қолланылған. Биринши

---

[1] Темофеев И. Основы теории литературы. Москва «Просвещения» 1971. стр 155.
[2] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлар. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1974. 134-бет.
[3] Сонда 132-бет.

мысалдағы қайталаўлар, тек мазмунды шөлкемлестириўге қатнасып қоймастан, лирикалық қаҳарманның ескертиў субъектив ҳалатын теңлестириўге хызмет еткен.

Биз Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасының көркемлик өзгешеликлерин қарастырып өттик.

Улыўмаластырып айтқанда, Х.Турымбетов поэзиясында сөз-образы көркем мазмун поэтикасы ҳәм оның форма менен байланыстырылыўы нәтийжесинде жүзеге келетуғын көркем қатнас шайыр «мен» иниң интеллектуал дәрежесин толық сәўлелендириўге хызмет етеди. Ал бул жағдай оның қарақалпақ поэзиясының раўажланыўындағы орнын анықлаўға жәрдем береди.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

ХХ әсирдеги қарақалпақ поэзиясының белгили ўәкили Х.Турымбетов инсан руўхый әлеми қубылысларын сәўлелендириў жолында өзине тән изленислер алып барды. 1950-жыллардан баслап поэзиядан кеңнен танылған шайыр өз дүнья таныўын тийкарынан инсан қәлби ҳәм сана-сезимин түбинде елер жасырынғанлығын, оның тәбиятында дөретиўшилик мийнетке жетелеўши күштиң негизлигин анықлаў сыяқлы мәселелерге өз дыққатын аўдарған. Нәтийжеде шайыр поэзиясында өзине тән лирикалық образлар жүзеге келген. Х.Турымбетов өз дөретиўшилиги барысында идеялық көркемлик, жанрлық ҳәм формалық изленислер алып барды ҳәм жоқары көркемликке ийе қосықлар дөретти. Ол хх әсирдиң 50-60-жылларындағы қарақалпақ поэзиясының жаңаша бағдарда раўажланыўына айрықша үлес қосты. Көпшилик әдебиятшы илимпазлар тәрепинен Х.Турымбетов шайыр сыпатында поэзияда өзине тән дөретиўшилик стилине ийе екенлиги, поэзиямызға сюжетли қосық жазыў дәстүрин алып кирип онда жаңаша бағдар еткенлиги мойынланып келмекте. Солай болса да, шайыр поэзиясының изертлеў объектине ойланылмай атырғанлығы бизди өкиндиреди. Биз курс жумысымызда Х.Турымбетовтың дөретиўшилигинде лирикалық сюжет жаратыўдың өзиншелик сыпатларын үйрениўге ҳәрекет еттик ҳәм бул бағдарда өз көз-қарасымыздан келип шығып, белгили пикир ҳәм жуўмақларға тоқтадық. Көркем

шығарманың барлық түрлери сыяқлы лирикада да турмыс ҳақыйқатлығын көркем сәўлелендириў қуралы сыпатында сюжет айрықша әҳмийетке ийе есапланады. Қосықта лирикалық қаҳарманның руўхый ҳалатын сәўлелендириў ушын белгили шараяттағы турмыслық ҳәм тәбийий ҳәдийселер улыўмаластырылып бериледи. Шайыр Х.Турымбетов ўақыя ҳәдийселерди сүўретлеў арқалы турмыслық анаў яки мынаў таманларын көркем сәўлелендиреди. Шайырдың сюжетли лирикасында ўақыялылық арқалы лирикалық шараят ҳәм лирикалық характер жүзеге келеди. Х.Турымбетов ўақыяларды социаллық ҳәм инсаныйлық идеологияларға бағдарланып сүўретлейди. Шайыр пикир туйғылар ағымын ўақыя ҳәдийселерди сүўретлеў арқалы сәўлелендиреди.

Х.Турымбетовтың сюжетли қаҳарманлары идеялық мазмуны ҳәм көркемлик өзгешелиги идеалогиялық таманынан үйрениледи. Шайырдың сюжетлик қосықларында ышқы муҳаббат, ўатанды, туўылған жерди сүйиўшилик, тәбият ҳәм өмир гөззаллықлары сәўлеленген. Сондай-ақ онда ўатандарлық урыс дәўириниң қаҳарманлығы, дослық мийнетти, инсаныйлық пазыйлетлери өз көринисин табады. Автор өз қосықларының идеологиялық мазмунын, турмыслық ўақыя-қубылысларды ықшам сүўретлеў қаҳарманлардың ҳәрекетлери, диалоглары жәрдеминде сәўлелендиреди. Шайырдың сюжетли қосықлары, көркемлеў қураллары ҳәм усылларына бай екенлиги  менен де айрықшалыққа ийе. Автор турмыстан таңланған ўақыя-ҳәдийселерди, көркем-идеялар, лирикалық мазмун көркемлеў әмеллеринен шебер пайдаланады. Х.Турымбетовтың сюжетли қосықларында теңеў, метафора, метонимия, жаңландырыў, көркем фигуралардан қайталаў, реторикалық сораўлар, антитеза, градотциялар, пикирдиң көркемлигин тәмийинлеў мақсетинде қолланылған.

Жуўмақлап айтқанда, биз курс жумысымызда Х.Турымбетовтың сюжетли лирикасын базы бир өзиншелик таманларын ғана үйрениўге ҳәрекет еттик. Шайыр поэзиясында көркем сөзге қатнас, көркем мазмун ҳәм көркем форма, поэтикасы мәселелери кең ҳәм ҳәр тәреплеме үйрениўге талап етеди.

Шайыр дөретиўшилигин үйрениў бизге лирика, лирикалық сюжет ҳәм қосық текстин таллаў бойынша теориялық түсиниклерди қәлиплестириўге жәрдем тийгизеди.

Х.Турымбетов өз дәўириндеги жалған сүренпазлық дәбдебепарызлық иллетлерин өз ўақтында аңлай алған ҳәм поэзияда «Таза атмосфераны» жүзеге келтириўге қатнасқан шайыр сыпатында қарақалпақ поэзиясы тийкарында белгили орынға ийе шайыр есапланады.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

1. Адабий турлар ва жанрлар. II том. Ташкент 1992.

2. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1988.

3. Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ, Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим» 1994-ж.

4. Бабоев Т. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент «Ўқитувчи» 1979.

5. Бабоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент «Ўзбикистон» 2002.

6. Жамал Камал Лирикада жанрлар масаласи. Тошкент. Ўзбек тили ва адабиёти. 1976.

7. Жамал Камал. «Лирик шеръят»Тошкент «ФАН» 1986 й.

8. Ғафуров Ж. Шеърият - изланиш демак. Тошкент 1985.

9. Иззат Султонов. Адабиёт назарияси. Тошкен. «Ўқитувчи» 1980.

10. Мәмбетов К. «Әдебият теориясы» Нөкис. «Билим» 1992.

11. Мәмбетниязов Т. «Поэзия - турмыс гүрес ҳәм талпыныў» Нөкис «Қарақалпақстан» 1993.

12. Мәмбетниязов Т. «Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәуир талабы» Нөкис «Билим» 1994.

13. Муратбаев Қ. «Қарақалпақ позиясының қосық қурылысы» Нөкис «Қарақалпақстан» 1974.

14. Нуржанов П. «Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият» Нөкис «Билим» 1993.

15. Оразымбетов Қ. «Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик» Нөкис «Билим» 1992.

16. Оразымбетов Қ. «Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы излениўшилик» Нөкис «Билим» 2004.

17. Темофеев И. Основы теории литературы. Москва «Просвещения» 1971.

18. Турымбетов Х. «Шайыр жолы» Нөкис «Қарақалпақстан» 1959.

19. Турымбетов Х. «Бахытлы жаслық» Нөкис «Қарақалпақстан» 1955.

20. Турымбетов Х «Және бәҳәр келеди» Нөкис «Қарақалпақстан» 1970.

21. Турымбетов Х. «Таңламалы қосықлар» Нөкис «Қарақалпақстан» 1974.

22. Худайбергенов К. «Дәуир ҳәм парыз» Нөкис «Қарақалпақстан» 1987.

23. Худайбергенов К. «Лирика ҳәм өмир» Нөкис «Қарақалпақстан» 1971.

24. Худайбергенов А. «Адабиётшуносликка кириш» Тошкент 2007.

25. Ўзбек адабийти масалалари Тошкент 1962.